



An nou pran enèji

pou premye Jounen aksyon pou pwoteje klima nan Lekòl Leta NYC a nan dat **mèkredi 6 desanm**

Èske w te konnen? Nan Vil Nouyòk, prèske 70% emisyon gaz ki rechofe tè a (greenhouse gas emissions) soti nan enèji yo itilize nan bilding. Avèk plis pase 1300 bilding lekòl nan Vil Nouyòk, elèv gen opòtinite pou fè yon GWO enpak.

Se pousa premye Jounen aksyon pou pwoteje klima a se sou enèji l ap fèt!

Nan dat 6 desanm, ou pral jwenn enfòmasyon sou fason amizan, apwopriye ak kreyatif OUMENM ka ede diminye itilizasyon enèji nan kominote lekòl ou a ak pi lwen.

Pandan Jounen aksyon sou tèm enèji a, patisipe avèk lòt elèv atravè Vil Nouyòk pandan nou tout ap travay pou bati yon meyè lavni.

Ansanm, nou ka fè yon diferans!

Jwenn plis enfòmasyon sou jounen aksyon pou pwoteje klima a:

schools.nyc.gov/ClimateActionDays

Gen de mwayen ou ka redui emisyon gaz k ap rechofe tè a nan itilizasyon enèji nan lekòl nou yo:

1

Redui kantite enèji nou itilize chak jou, ak

2

Itilize plis fòm enèji pwòp ak renouvlab olye gaz fosil.